



Pou Piblikasyon Imedya: 20/11/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL SIYEN LEJISLASYON KI KODIFYE PWOGRAM NOURISH NEW YORK LA AN LWA

S.4892-A/A.5781-A kreye Pwogram Nourish NY la nan fason pèmanan nan Lwa sou Agrikilti ak Mache yo

Jodi a, Gouvènè Kathy Hochul te siyen nan Corona, Queens lejislasyon S.4892-A/A.5781-A k ap anrichi pwogram Nourish New York la nan fason pèmanan nan lwa eta a. Siyati lejislasyon sa vini sèlman anvan fèt Thanksgiving lan, k ap reafime angajman New York pou bay sipò pou moun k ap fè fas ak ensekirite alimantè atravè eta a.

"Pandemi COVID-19 la te pote difikilte san presedan pou anpil Nouyòkè epi li te rann sitiyaasyon pou sila yo ki deja ap goumen yo pi mal toujou," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Mizanplas pwogram Nourish NY la te yon gwo siksè nan ede moun k ap fè fas ak ensekirite alimantè pandan l ap benefisye fèm New York yo tou. Pandan n ap prepare pou selebre sezon fèt yo, mwen fyè pou siyen lejislasyon sa pou asire ke eta nou an kontinye konbat grangou epi prevwa pou sila yo ki nan bezwen an."

Inisyativ Nourish New York la reachemine sipli pwodui agrikòl New York yo pou popilasyon ki bezwen yo pi plis atravè bank alimantè eta a. Pwogram nan bay sipò ki tèlman nesèsè pou pwodiktè manje ak kiltivatè yo tou ki te pèdi mache yo nan kad pandemi COVID-19 la akòz bank alimantè eta yo ap achte pwodui agrikòl ki soti nan men kiltivatè ak transfòmètè aliman New York yo.

Atravè pwogram twa faz la, bank alimantè New York yo te achte plis pase 35 milyon liv pwodui alimantè New York, ki egal ak 29,800,000 repa. Nan katyèm faz sa, jiska prezan, bank alimantè New York yo te achte 6,903,366 liv manje, ki kreye yon lòt 5,752,805 repa pou fanmi ki nan bezwen yo. Yon total 85 milyon dola te angaje pou Nourish NY depi lansman li nan me 2020. Acha manje Nourish NY yo te afekte 4,178 biznis atravè eta a nan fason ki pozitif.

Aprann plis sou Nourish NY, [isit la](#).

Senatè Michelle Hinchey te deklare, "Nourish New York se definisyon yon patenarya solid ant rejyon nò ak sid eta a k ap demontre nan fason ki briyan kisa ki posib lè nou travay ansanm pou bay yon sèvis ki soutni lavi pou Nouyòkè ki te tonbe nan moman

difisil yo pandan l ap fè briye an menm tan etensèl inovasyon nan sistèm alimantè a. Pandan youn nan moman ki pi nwa ke eta nou te fè fas, Nourish New York te yon flanbo konpasyon, sipò bipati ki te abòde vag ensekirite alimantè devastan an epi bay kiltivatè nan nò eta a, ki t ap goumen pou rete nan biznis, yon nouvo avni pou kontinye alimantè kominote nou yo — yon kad kote tout moun genyen nan tout sans mo a. Mwen remèsye Gouvènè Hochul paske li siyen pwojè lwa enpòtan sa an lwa epi mwen pa ka tann pou fòje plis kowalisyon ant nò ak sid eta a pou asire ke okenn Nouyòkè pa rete dèyè."

Manm Asanble Catalina Cruz te deklare, "Pandemi COVID-19 la te agrave grangou a ak pwoblèm ensekirite byen ki te deja aflije anpil kominote atravè peyi a, ki enkli plizyè milye fanmi nan Distri mwen an. Fèm nou yo te obsève rezilta nè yo afekte tou lè chèn apwovizyonman an te entèwonp lan. Nourish NY te prezante yon opòtinite ki sove lavi pou sipòte bank alimantè k ap okipe vwazen nou yo pandan y ap goumen pou sivi kominote agrikòl nou an. Mwen fyè pou te pouse pou bay 50 milyon dola pou Nourish NY nan bidjè ane sa. Anplis, ansanm ak siyati lwa sa, n ap asire kounye a kontinyite pwogram ki sove lavi sa. Li enpòtan anpil ke nou ranfòse sistèm ijans alimantè nou an kounye a atravè verifikasyon chak ane ki enkli nan nouvo lwa sa. Mwen vle remèsye esponsò ak patnè mwen yo nan konba sa, Senatè Hinchey ak Borrello, ansanm ak Prizidant Lupardo ak Pòt Pawòl Heastie pou sipò yo. Mwen vle remèsye Gouvènè Hochul tou ak ekip li a paske yo siyen lejislasyon pou sove lavi sa epi mete kominote nou yo an premye. Ak pri manje yo k ap ogmante, epi deplizanpli bank alimantè ap goumen pou achte founiti yo bezwen, nouvo lwa sa vini nan moman pafè."

David Fisher, ki se Prezidan Biwo Fèm Agrikòl New York (New York Farm Bureau, NYFB), te deklare, "Nourish NY te sèvi antanke yon kanal enpòtan pou jwenn manje ki soti nan fèm nou yo pou ale jwenn moun ki nan bezwen pandan pandemi an, espesyalman lè te genyen deranjman grav nan chèn apwovizyonman an. Aksyon Gouvènè Hochul jodi a fè pwogram nan yon eleman pèmanan nan Eta New York. Nourish NY ap kontinye ede kiltivatè yo ak depans rekòt, anbalaj, ak transpò fui, legim, pwodui letye ak plis toujou pandan l ap asire ke tout Nouyòkè ka met manje sou tab yo. Li enpòtan ke nou kontinye travay ansanm pou ranfòse agrikilti New York ak sistèm alimantè lokal nou an, pou nou ka genyen kapasite pou nourri tèt nou lontan apre lafen pandemi an."

###

Lèt nouvel disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)